

Poukisa pou bay tete? *Senpleman koute sa kèk manman di!*

“Tibebe mwen an souri ban mwen lè m rive lakay, byenke se manman m k ap pran swen l pou mwen pandan m al lekòl.”

“Enfimyè a te di mwen ka jwenn kèk pwoteksyon kont kansè nan tete. Matant mwen te fè kansè nan tete dezan de sa. Mwen pa vle fè kansè.”

“Mwen senpleman pran tibebe mwen an, mwen mete yon kouchèt pwòp nan pòch mwen epi mwen fè sa m gen pou m fè.”

“Mwen ka li yon liv pou pitit mwen pandan m ap bay tibebe m nan tete.”

“Lòt pitit mwen yo te fè anpil enfeksyon nan zòrèy paske mwen pa t ba yo tete.”

“Tibebe mwen an pa janm malad. Yon zanmi m ki te bay tibebe l bibwon oblije pran yon jou konje omwen yon fwa pa mwa paske tibebe l la malad, li paka mennen l nan gadri.”

“Mwen kontan paske tibebe m nan ansante.”

“Doktè yo nan NICU te di m konsa lèt mwen an se medikaman l ye pou tibebe mwen an. Mwen pa t vle bay tete kidonk mwen te ponpe lèt mwen pandan plizyè mwa. Tibebe m nan te rete /ansante.”

“Tibebe mwen an te pran tete poukont li toutswit aprè l fin fèt. Mwen pa t bezwen fè anyen. Mwen te panse, ‘Si bay tete se yon bagay ki fasil konsa, mwen pral fè l.’”



Vrè deklarasyon pou vrè manman

**Poze doktè ou kesyon sou
FASON POU BAY TIBEBE OU TETE!**



Photo with permission by : WHO/H. Anenden



1101 Market Street, 9th Floor
Philadelphia, PA 19107
Tel: 215.685.5225 Fax: 215.685.5257
Webpage: www.phila.gov/health/mcfh

Nikki.Lee@phila.gov

©2011 Philadelphia Department of Public Health

Rev 2011

HAITIAN CREOLE

**Bay tibebe tete se yon bon bagay pou toutmoun.
Breastfeeding is good for everyone.**

Pou tibebe yo:



Tibebe yo aprann dousè lavi a nan bra manman yo.

Tibebe yo jwenn pwoteksyon kont maladi ak lanmò:

- * Nemoni * Dyabèt * Opresyon * Kansè
- * Obezite * Dyare * Alèji
- * Enfeksyon nan zòrèy
- * Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe (Sudden Infant death Syndrome - SIDS)

Pou manman yo:



Plis yon fi bay tibebe tete nan lavi l, se plis pwoteksyon li genyen kont:

- * Kansè nan tete * Obezite * Dyabèt
- * Maladi kadyak * Kansè nan ovè

Yon manman ki chwazi pou l pa bay tibebe l tete ka vin tonbe ansent rapidman epi l ap pèdi tout pwoteksyon kont maladi.

Pou fanmi yo:



Lèt tete ou gratis epi li toujou pare

Ou kapab bay tibebe ou manje fasil nenpòt kote. Lè ou sou wout, oswa lè pa gen kouran elektrik.

Pa gen fatra pou netwaye.